



UNHCR

L'Agence des Nations
Unies pour les réfugiés

KISA FÒMILÈ "FONDMAN DEMANN AZIL LA YE ?"

KISA FÒMILÈ "FONDMAN DEMANN AZIL" LA YE (FDA) ?



FDA se yon fòmilè ki enpòtan anpil kew dwe ranpli epi ki pral itilize kòm prèv nan moman yo pral analize demann azil ou a.

- FDA an se yon fòmilè kote ou bay enfòmasyon konsènan ou menm epi esplike pouki rezon ou pè retounen nan peyi kote ou fèt la.
- Li enpòtan pou bay laverite.
- Ou dwe mande èd jiridik pou w'w ranpli'l.

NAN KI MOMAN MWEN DWE RANPLI FÒMILÈ SA ?



SI W DWE MANDE AZIL NAN YOUN NAN RANTRE YO, TANKOU (FWONTYÈ, ARYOPÒ OSINON NAN PÒ MARITIM NAN) :

- Ou genyen 15 jou pou w'w kapab depoze fòmilè FDA a byen ranpli nan Komisyon imigrasyon ak stati refijye Kanada yo (CISR).
- Nan pwovens Kebek la, delè ki dwe respekte yo pa menm. Pou plis enfòmasyon, ale sou sit sa : www.irb-cisr.gc.ca/Fra/res/form/Pages/RpdSpr0201.aspx



SI OU DEJA SOU TERITWA KANADA A :

- Ou dwe ranpli fòmilè FDA anplis 4 lòt fòmilè demann azil, epi prezante yo nan biwo Imigrasyon Refijye ak Sitwayennte Kanada (IRCC) lè w'ap fè demann azil ou a.

KI LANG MWEN DWE UTILIZE?

Lang franse osinon anglè.

Si yon entèprèt ede w'w ranpli fòmilè a li dwe siyen'l tou.

ESKE TIMOUN YO DWE RANPLI YON FÒMILÈ FDA?

Tout moun nan fanmi an ki mande azil dwe ranpli pwòp fòmilè FDA pa yo.



- **6 lane osinon pi piti :**
Selman Pati 1 fòmilè a ki dwe ranpli.



- **Plis pase 6 lane osinon timoun ki pa gen granmoun ki akonpaye yo :**
Reponn tout kesyon yo.

KI SA KI KA RIVE SI MWEN PA RANPLI FDA A AVAN DELÈ A?



CISR kapab fèmen dosye azil ou a. Ou dwe prezante w'w nan yon odyans espesyal pou w' esplike rezon ki fè w' rate dat limit yo te ba w' la.

Enfòmasyon ki nan dokiman sa se jis yon apèsi men li pa gen menm fòs ak lalwa.
Si w' gen kesyon, mande èd jiridik.